Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,льилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 46 (6566) 18 сентябрь 2017 с. Итни ЗулхIижа 1438 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИ

## Баркула ЦIияб 1439 сон

**Хириял диналъул вацал ва яцал. РакI-ракIалъ баркула нужеда тIаде щолеб бугеб гьижрияб цIияб сон!**

Аллагьас нилъер араб соналъ ккарал щинал мунагьал чураги ва бачIунеб сон сахлъи бугеб, талихIаб, хIарамалдаса рикIкIалъараб, гIибадаталда даимлъараб, Аллагьасда ракI хурхараблъун гьабеги. Аллагьас нилъее тавпикъ кьеги битIараб нух кквезе.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН. ТIЕРХЬУНАРЕЛ ЦIВАБИ

## МустахIикъав вуго Дагъисталалъе, ЦIадулъ парпадулел дур байрахъазе

**Бакълъулазул росабалъ - «ХъахIал къункъарабазул къоял»**

**7 сентябралда «ХъахIал къункъарабазул къоялда» хурхун Гумбет районалъул гIолилазулгун лъималазул библиотекаялъул хIалтIухъабаз тадбир тIобитIана. ГIолилазул отделалъул нухмалъулей Хадижат ГIабдунасироваль ва библиотекарь Раисат МухIамаднабиеваль гIуцIун букIана выставка. МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз гьираялда лъайхьвай гьабуна выставкаялъулгун.**




Гьениб районалъул лъималазулгун гIолилазул библиотекаялъул отделалъул нухмалъулей **ПатIимат ХIусеноваль** «Расул ХIамзатов – ТIадегIанаб цIва» абураб темаялда гара-чIвари гьабуна. МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъаби гьираялда гIенеккана ПатIиматил хабаралъухъ. Тадбир ана гIенеккаразе пайдаяб ахIвал-хIалалда.

### Гьарадирихъ

7 сентябралда, магIарулазул кIудияв поэт Расул ХIамзатов гьавурав Бакъулъ Гьарадирихъ мемориалияб хьарщиялда цебе, тIобитIана гьев гьавуралдаса 94 сон тIубаялда хурхун, гIадатлъун лъугьараб, рохалилаб тадбир. Щибаб соналда гьел рохалилал тадбирал тIоритIулев, гьелде гьира базабулев гIуцIарухъанлъун ккола, Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабазул жигараб гIахьаллъигун, росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулев **БагьавудинМухIамадов.**

Гьединал тадбирал тIоритIиялъ рес кьола росдал гIолеб гIелалъе патриотияб тарбия щвеялъеги.

### ЧIиркъатIа

«ХъахIал къункъарабазул къоялда» хурхун, 6 сентябралда, ЧIиркъатIа росулъ тIобитIана «Къункъраби кечI хъваялъул тарихъ» абураб темаялда гара-чIвари. Гьеб темаялда гара-чIвари гьабуна ЧIиркъатIа росдал библиотекаялъул нухмалъулей **ПатIимат ПирмухIамадоваль.** Тадбиралда гIахьаллъаразе гьелъ бицана «Къункъраби» абураб кечI бижиялъул тарихалъул. КIудияб гьираялда гIенеккана гьелъухъ школалъул цIалдохъаби ва тадбир ана гIахьаллъаразе пайдаяб хIалалда.

### ТIад Инхо

8 сентябралда ТIад Инхо росдал библиотекаялда, Расул ХIамзатов гьавуралдаса 94 сон тIубаялда хурхун, тIобитIана Расулил кучIдул цIалиялъул конкурс. Тадбиралда гIахьаллъана батIи-батIиял гIелалъул лъимал.

Тадбир гIуцIана ТIад Инхо росдал библиотекаялъул нухмалъулей **РабигIат АхIмадоваль** ва росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул директор **ПатIимат МухIамадоваль.**

### Килалъ

8 сентябралда Килалъ росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централда кIодо гьабуна социалистияб захIматалъул бахIарчи, къоабилеб гIасруялъул поэт Расул ХIамзатов гьавураб къо.

Расул ХIамзатовасул биографиялъул ва гIумрудул нухалъул хIакъалъулъ бицана Килалъ росдал администрациялъул бетIер **АхIмад Каримовас.** КЦДялъул директор **Исрапил Заирбеговас** жиндирго кIалъаялда абуна Расул ХIамзатов вукIанин машгьурав поэт гуревги, общественниян хIаракатчиги.

**«Гумбет» РИО**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ – МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ

## Гумбет районалъул гIолилал тIадагьаб атлетикаялъул хIаязда призераллъун рахъана

**9-10 сентябралда МахIачхъалаялъул «Труд» стадионалда тIоритIарал республикаялъулал тIадагьаб атлетикаялъул хIаязда МелъелтIа ва ЧIиркъатIа школазул цIалдохъаби призераллъун рахъана.**

2006-2007 соназ гьарурал лъималазда гьоркьор 60 метралъ рекериялда кIиабилеб бакI ккуна **Шамил ГIабдурахIмановас,** 2004-2005 соназ гьарураздагьоркьор 800 метралъ рекериялда **Рамазан Чупалаевас** ва 60 метралъ рекериялда **ИсмагIил Ибрагьимовас** кIиабилеб бакIал ккуна. **Анвар МухIамадовас** торгIо рехиялъул рахъалъ 2004-2005 соназ гьарурузда гьоркьоб 3 бакI босана.

Нилъер спортсменаз гьеб ккола тIоцебесеб бергьенлъилъун. ЛъикIал хIасилал рихьизаруна гьез. Гьелъ бихьизабула нилъер лъимал физическияб рахъалъ церетIурал рукIин,

(Ахир - 2 аб. гьумералда)

НОМЕРАЛДА РУГО:



Авар адабияталъул ва мацIалъул сагIат – Москваялда - 2 гьум.



2017 соналъул 7 моцIалъ гьабуна 71 лъимер -2 гьум.



Гумбет районалъул гIолилал тIадагьаб атлетикаялъул хIаязда призераллъун рахъана 1-2 гьум.



АхIи басра гьабичIого… - 4 гьум .

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ...

# Авар адабияталъул ва мацIалъул сагIат – Москваялда

## Россиялъул халкъазул миллиял литературабазул фестиваль

**2017 соналъул 6-10 сентябралда Москваялда, ВДНХ-ялда, тIобитIана Россиялъул халкъазул миллиял литературабазул фестиваль. МагIарул мацIалъул вакил хIисабалда гьеб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна гьал мухъазул авторас. Россиялъул Федерациялъул Президентасул ишазул управлениялъ гIуцIараб Президентасулаб библиотекаялъул хIалтIухъан Максим Антипов вачIана кIалъаялдаса хадув аскIове: «Баркала дур каламалъухъ. Асаразе таржама гьабизе бокьани, дицаги кумек гьабила», – ян абуна гьес (гьанже «Миллат» басмаялъул лъайхъвай буго Кремлиялъул вакилзабазулгун), гьединлъидал, багьанаго гьечIого басмаялде гьегъ балел эливашазе лъикI букIина чIолохъжо дугъдан кквей).**




Миллиял литературабазул фестивалалда гIахьаллъарал Дагъистаналъул хъвадарухъабазда ва гIелмиял хIалтIухъабазда гьоркьор гьединго рукIана ДГУялъул профессор Светлана МахIмудова (рутул мацI), шагIир Владик Батманов (лезги мацI), Минскалдаса Хизри Асадулаев (кIкIаралазул мацI) ва Дербенталдаса Фэхрэддин Гэрибсэс (азербайжан мацI).

Россиялъул халкъазул миллиял литературабазул фестиваль рагьана 2017 соналъул 6 сентябралда ВДНХялда. Гьеб тадбиралда кIалъаял гьаруна Роспечаталъул вакил Юрий Пуляца, Москваялъул мэриялъул хъулухъчи Иван Петровас ва цогидазги. Исана Россиялъул Пачалихъияб Думаялъул бетIер, Литератураялъул, тIахьал рахъиялъул ва цIалиялъул рахъкколеб комитеталъул нухмалъулев Сергей Нарышкинил бетIерлъиялда гьоркь къватIибе биччана Россиялъул халкъазул гьанжесеб поэзиялъул антология. Басмаялда бахъана гьединго лъималазе хъварал асаразул антологияги. Данде гьабулеб буго прозаялъул антология. Гьел тIахьал рахъулел руго Максим Амелин абулев чиясул басмаханаялъ. Гьесги гIахьаллъи гьабуна рехсараб фестивалалда. Поэзиялъул антологиялъе «2017 соналъул бищун лъикIаб тIехь» абураб шапакъатги кьуна 6 сентябралъул къаси «Геликон» театралда Сергей Нарышкиница. Исана къватIире рахъарал лъикIал тIахьазе шапакъат кьезе цеве вахъана дагъистаниязда лъалев, гьабсагIат Россиялъул тIахьазул союзалъул президентлъун хIалтIулев вугев Сергей Степашинги.

Къад цоцазда хадур цере рахъана щибаб мацIалъул вакилзаби. МагIарулазул тарихалъул, мацIалъул ва адабияталъул бицана гьал мухъазул авторас. РикIкIана цо-цо асаралги. КIвар кьуна 1999 соналъул рагъул темаялде, тарихияб прозаялде. Литературияб «Гъудуллъи» журналалда бахъараб, Рекъав Тимурица Дагъистаналде чабхъенал гьарураб замана цебе чIезабулеб «ХIаригабурлъухъ» абураб къисаялъулги бицана. «Миллаталъул» «Адабияталъул сагIаталъулги» аваразул маданият цIуни ва цебетIезаби мурадалда гьарулел цоги хIалтIабазулгун проектазулги рехсей гьабуна.

Россиялъул халкъазул миллиял литературабазул фестиваль тIобитIана 30-абилеб Москваялъул халкъазда гьоркьосеб тIахьазул выставкаялъул цо байданалда, ВДНХялъул 75-абилеб минаялъуб (павильон).

Гьединал тадбиразда авторал цоцазда лъала ва улкаялъул халкъазул тарихги маданиятги цIикIкIун ричIчIула, ц\алдолезухъе т\ахьал щола. Гьединлъидал, 2017 соналъул 6-10 сентябралда Москваялда тIобитIараб Россиялъул халкъазул миллиял литературабазул фестиваль букIана пайда бугеб лъугьа-бахъин. Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъ исана гьенире нухда регIана цIияб гIелалъул къаламцоял. Гьеб ккола цIубараб, республикаялъул маданияталъул букIинеселъул, метерисеб къоялъул ургъел бугеб политика.

Халкъалъул адабияталъул ва маданияталъул иццал къуни, гьеб миллат талихI къураб миллат ккола. Авар халкъ гьединазул кьерде ккезе хъван бутугеги. Амин.

**ГIизудинил ХIамзат**

ЖАМГIИЯТ

# 2017 соналъул 7 моцIалъ гьабуна 71 лъимер

**Гумбет районалъул ЗАГСалъул отделалъул нухмалъулейлъун МелъелтIа росулъа ПатIимат Мухтарова хIалтIулей йиго 2002 соналдаса. «Гумбет» басмаялъул хIалтIухъаналъ чанго суал кьуна ПатIиматие.**

**- ПатIимат , ЗАГСалъул отделалъул аслиял масъалаби, тIадал ишал щал кколел?**

- Гумбет районалъул ЗАГСалъул отдел хIалтIулеб буго 1982 соналдаса, гьелде щвезегIан гражданлъиялъул ахIвал-хIалалъул хъвай-хъвагIаял тIуразарулаан росабазул Советаз. ЗАГСалъул отделалъул аслияб масъалабилъун ккола гражданлъиялъул ахIвал-хIалалъул актазул пачалихъияб хъвай-хъвагIай гьабулаго законазул тIалабал цIуни, жиндир заманалда ва битIараб куцалда хъвай-хъвагIай тIубазаби.

Жинда церелъурал масъалабазда рекъон, ЗАГСалъул отеделалъ тIуразарула жиндир заманалда лъимер гьабиялъул хIакъалъулъ свидетельстваби кьеялъул, ригьин гьабиялъул, ригьин бихиялъул, лъимал васлъун, яслъун гьариялъул, эменлъи чIезабиялъул, цIар хисиялъул, хваразул хъвай-хъвагIай гьабиялъул тIадал масъалаби.

**- Дудаго тIадал ишал тIурай кин гIуцIун бугеб?**

- Гьел тIурай лъикI гIуцIизе хIаракат бахъула, жавабчилъигун ялагьула тIадал ишал жиндир заманалда ва гъалатIал гьечIого тIурай гIуцIиялде.

**- ЗАГСалъул архив отделалдайищ цIунулеб яги районалъул архивалдейищ кьолеб?**

- ЗАГСалъул отделалда архив цIунун буго 1934 соналдаса жакъа къоялде щвезегIан, ай 1934 – 2017 соназул.

**- Духъе отчетал киса рачIунел, дуца кире кьолел, гьезги дуцаги болжал цIунулищ?**

- Дихъе щибаб моцIрол



ахиралда росабазул поселениязул администрациязул заместителаз рачIуна гьарурзул, хваразул, ригьин гьабуразул, эменлъи чIезабуразул отчетал. Гьез гьел жиндир заманалда рачIуна, гьездасан дица моцIрол отчеталги хIадурула. Гьел ритIула Юстициялъул Министерствоялде, ЗАГСалъул республикаялъулаб управлениялде, Россиялъул пенсионнияб фондалъул МелъелтIа бугеб отделениялде кьола хваразул сияхI, росреестралде Хасавюрталде битIула хваразул сияхI бихьизабураб отчет. Казбек ва Гумбет районазда гьоркьосеб военкоматалде битIула 65 сон балелде хваразул ва цIар хисарал бихьиназул сияхIал.

**- Росабазул администрациязулгун ЗАГСалъул отделалъул бухьен кинаб бугеб?**

- Росабазул поселениязул администрациязул заместителазулгун буго лъикIаб бухьен. Гьезулгун гьарула законазулгун лъай-хъвай гьабизе данделъаби. Гьезие чIезарула отчеталъул щибаб тайпаялъе хIажалъулел бланкал.

**- Отделалда хIалтIи лъикI гIуцIиялъе шартIал ругищ (архив цIунизе санагIалъи, цIияб программаялда рекъон хIалтIизе шартIал?**

- Отделалда хIалтIи лъикI гIуцIизе шартIал руго, буго техникаялдалъун хьезабураб кабинет, интерналдасан цIияб программа «ЕГР - ЗАГС» хIалтIизе буго 2018 соналъул 1 январалдаса. ТIасияб соналдаса ЗАГСалъул хIалтIулъ рукIине руго цо-цо хиса-басиялги.

**- Гьаб соналъул 7 моцIалъ нилъер районалда чан цIияв чи дунялалде вачIарав, чан чиясдаса ратIалъарал, чан цIияб хъизан гIуцIараб ва цогидалги суалал баян гьаризе бокьилаан.**

- 2017 соналъул 7 моцIалъ гьабуна 71 лъимер. Гьездасан 41 вас, 30 яс. Хун вуго 24 чи. ГIуцIана 25 цIияб хъизан. РатIалъана 2 хъизан.

ЦIикIкIаги районалда гьарурал лъималазул къадар, дагьлъаги абадияб рокъоре унезул къадар, гIезегIан харжал тIад хвезарун гIуцIулел хъизаналги риххизе хъван ратугеги.

- Аллагьумма амин.

**Гара-чIвари гьабуна Къурмагъиз ХIадисовалъ**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# Лъималазул ахикьеги щвана

## Гумбет районалъул гIадамал социалияб рахъалъ хьезариялъул хIалтIухъаби Ингишур

**11 сентябралда Гумбет районалъул гIадамал социалияб рахъалъ хьезариялъул централъул отделалъул хIалтIухъабазул группа, хъизан ва хъизангун лъимал цIуниялъул отделалъул нухмалъулев Шамил Юсупов, гьеб отделалъул специалист Асият АхIмаднабиева, психолог Мадина МухIамадова, щвана Ингишо росулъе.**

ТIоцере гьел щвана школалда цебе гIуцIараб ясли-ахалъул группаялде. Халгьабуна лъималазе чIезарун ругел шартIазул, тIобитIана тарбиячагIазул психологическияб тестирование. Группаялъул нухмлъулев Шамил Юсуповас абуна школалда цебе гIуцIараб ясли-ахалъул группаялда ругел лъимал жигарал, кьурал суалазе жаваб кьун бажарулел ругилан.

Школалъул цIалдохъабазе бицана хъалиян цIаялъул бугеб зараланалъул, къаси нахъелъизегIан къватIахъ рукIине бегьунгутIиялъул.

Ингишо росдал администрациялъул бетIерасул заместитель **Хъирингиш Ра-**



**суловгун** цадахъ централъул хIалтIухъабаз халгьабуна росулъ социалияб рахъалъ кумек хIажатал гIадамал ругищан. Гьединго централъул хIалтIухъаби дандчIвана социалияб рахъалъ кумек хIажатал хъизабазул умумулгун.

Централъул хIалтIухъаби щибаб росулъе щун гьедин хIалтIи гIуцIиялъ рес кьезе буго социалиял пачалихъиял рахъалъан гьарулел хъулухъал гIагар гьаризе ва социалияб рахъалъ гьабулеб кумекалдалъун хьезари, - ян абуна районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIмановас.**

**Гумбет» РИО**

# Гумбет районалъул гIолилал тIадагьаб атлетикаялъул хIаязда призераллъун рахъана

**(Байбихьи - тIоцебесеб гьум.)** - ян абуна культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул политикаялъул отделалъул нухмалъелесул заместитель **НурмухIамад МухIамадовас.**

Спорталда тIадегIанал хIасилал щвей – гьеб буго хIаракат бахъун, къуват кьун гIемеркъоязулал тренировкаби гьари – ян абуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер **ХIажимурад МухIамадовас.** Гьес гьарана гIолилал спортсменазе сахлъи ва хадурккунги спорталъулъ бергьенлъаби.

**«Гумбет» РИО**

ЧIАЛДА МОХМОХ БИЦЦАЛЪАГИ!

# Бакълъулазул магIишатал хасалиде хIадурлъулел руго

## 20502 тонна харил гIархъиль лъуна, бегана 572 гектар

**Гумбет районалъул росдал магIишаталъул производственниял кооперативазул нухмалъулез хIаракат бахъулеб буго гIаммаб гIи-боцIуе хасалоялде гIунги тIокIаб рагIи-хер хIадуризе.**

Районалъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалда 11 сентябралда ругел баяназда рекъон хIадурун буго кинабниги 20502 тонна харил, гьелдасан гIадамал бетIергьанаб 13610 тонна. Гьеб ккола араб соналъул гьабго заманалде хIадурун букIаралдаса 235 тонна цIикIкIун.

«Мехельтинский» СПКялъ хIадурун буго 1847 тонна харил. Шамилил цIаралда бугеб СПКялъ 1290, «Цилитлинский» СПКялъ 740, «Щабдухский», «Цундинский» СПКяз 700, «Тляратинский» СПКялъ 520, «Ингишинский» СПКялъ 450, «Данухский» СПКялъ 320, «Гьудулльи» СПКялъ 250 тонна. РагIи-хер хIадури жеги гьоркьоб къотIун гьечIо.

### 572 гектар бегана

Районалъул СПКязул хъутабазда унеб буго тIасияб сонаде хасалил культураби рекьизе ракь бегиялъул хIалтIи. АнцIила цоабилеб сентябралде бегун буго 520 гектар. Гьеб ккола араб соналъул гьебго заманалде бегун букIаралдаса 385 гектар цIикIкIун.

«Мехельтинский» СПКялъ 210, Шамилил цIаралда бугеб, «Тляратинский» СПКяз нус-нус, «Данухский» СПКялъ 60, «Цилитлинский» СПКялъ 50 гектар бегун буго.

Механизатораз хIаракат бахъулеб буго ракь бегиялъул хIалтIи кьокьаб болжалалда рагIалде бахъинабизе.

**ГIайшат Исламбиева**

ХЪАХIАЛ КЪУНКЪРАБИ-2017

# Мун вихьула дида даим чIагоялъ

## Цогиял нусгояз хисизе гьечIев

**2017 соналъул 8-9 сентябралда Дагъистаналда XXXI-абилеб нухалда тIобитIана «ХъахIал къункърабазул къоял» абураб фестиваль. ХIамзатил Расулица 94 сон тIубалеб гьеб адабияталъул байрамалде исанаги рачIана Россиялъул батIи-батIиял регионаздаса ва къватIисел пачалихъаздаса хъвадарухъаби.**



Гьалдаберида гьоркьор рукIана Россиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул тIоцевесев секретарь Геннадий Иванов, гьебго идараялъул секретарь, Россиялъул маданияталъул мустахIикъав хIалтIухъан Виктор Кирюшин, «Москваялъул литератор» казияталъул бетIерав редактор Иван Голубничий, «Россиялъул хъахIал къункъраби» абураб проекталъул нухмалъулев Сергей Соколкин, Чачан Республикаялъул миллияб политикаялъул министрасул заместитель Лема Гудаев ва гьезул Хъвадарухъабазул союзалъул нухмалъулесул заместитель Бувайсар Шамсудинов, Россиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул секретарь Александр Ананичев, Астрахань областалъул Хъвадарухъабазул союзалъул нухмалъулев Юрий Щербаков, «Дон» журналалъул бетIерав редактор Виктор Петров, «Молоко» интернет-журналалъул бетIерай редактор Лидия Сычева, Калмыкиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул бетIер Эрдни Эльдышев, балкаразул шагIир Мухтар Табаксоев, Карачаево-Черкесиялъул халкъияй шагIир Лариса Шебзухова, Башкортостаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул нухмалъулев Заки Алибаев, «Доля» журналалъул редактор Ольга Прилуцкая, Азербайжаналдаса хъвадарухъаби Марафас ХIусейнов, ГIабдурахIман ХIажиев ва гIемерал цогидалги.

Кидаго гIадин, Дагъистаналъул нухмалъиялъул ва Хъвадарухъабазул союзалъул вакилзаби ва гьалбал 8 сентябралда щвана Расул ХIамзатовасул хабаде, ГIурус театралда цебе гьесие бараб памятникалъухъе, МахIачхъалаялъул паркалда бугеб Лъаларев солдатасул памятникалда цебе гьабуна митинг, цинги делегация ана Расул ХIамзатовасул рокъобе ва гьеб къоялъул къаси Поэзиялъул театралда гьабуна шигIруялъул данделъи.

Гьел къоязда Дагъистаналъул нухмалъулев Рамазан ГIабдулатIипов хIалтIулаб сапаргун Москваялда вукIана ва, ХъахIал къункърабазул къоял кIодо гьарун, Москваялъул Яузалъулаб ахикь лъураб Расул ХIамзатовасул памятникалда аскIоб гьабураб тадбиралъулъ гIахьаллъана гьев. Дагъистаналда гьеб байрам бачана республикаялъул вице-премьер Анатолий Карибовас ва Хъвадарухъабазул союзалъул нухмалъулев, халкъияв шагIир МухIамад АхIмадовас.

9 сентябралда гьалбадерил кьокъабаз сапар бухьана шагIирасул ватIаналде, Хунзахъ районалъул ЦIада росулъе, гьединго 31 соналъ цебе «ХъахIал къункъраби» абураб кечIалъе памятник бараб Гъунире ва Россиялъул некIсияб шагьар Дербенталде.

Гьал мухъазул авторас исана сапар бухьана Хунзахъ районалде. Гьалбадерида дандчIвай гьабуна Хунзахъ районалъул бетIерасул заместитель АсадгIали ГIабдуразакъовас ва цоги жавабиял хIалтIухъабаз. ЦIадаса ХIамзатил, Расул ХIамзатовасул ва ХIажи ХIамзатовасул памятниказда цере тIугьдул лъун хадур, гьалбал щвана «ХъахIал къункъраби» абураб мемориалияб комплексалда цере Хунзахъ мухъалъул гIадамалгун дандчIвазе.

Хунзахъ районалъул бетIерасул заместитель АсадгIали ГIабдуразакъовас рагIи кьуна районалъул собраниялъул нухмалъулев Хважа Хважаевасе. Гьасул кIалъаялдаса хадуб литератураяб рахь бачана гьал мухъазул авторас. Расул ХIамзатовасул асараздехун ва Дагъистаналдехун бугеб жидер хинаб бербалагьиялъул бицана Россиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул секретарь Иван Голубничияс, Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул нухмалъулесул заместитель, халкъияй шагIир Марина АхIмадовалъ, гьединго хундерида цере рахъана хъвадарухъаби Виктор Кирюшин, Лема Гудаев, Ольга Прилуцкая, Федор Черепанов ва Аминат ГIубдулманапова.



Гьеб къоялъ ЦIаде щвана ЧIикIаб ГЭСалдаса къватIибе бахъараб Расул ХIамзатовас 94 сон тIубаялде гьабураб автопробегги.

Гьалбал рещтIана ЦIадаса ХIамзатил музеялъур ва Хунзахъ районалъул маданияб кIалгIаялъуб цIалдохъабазулгун дандчIвай тIобитIана. Тобот чвахиялда аскIоре ва ГIараниб хъала бихьулеб бакIалде, гьединго АхIулгохIда аскIоб бараб музеялъуреги щвана «ХъахIал къункърабазул къоял» фестивалалъул гIахьалчагIи. Дагъистаналде бухьараб сапаралъ кIудияб асар гьабуна гьезие.

Гьаб векалъул тарих хадуб магIарухъ,
Хунзахъги ЦIадаги цIалулеб мехалъ,
Дир цIар киб букIинеб – чIваралъ, хваралъищ,
Я хабар лъачIого тIагIаразулъищ?
Гьелъул ургъел гуро гьабсагIат бугеб,
Дир пикраби руго мугIрул халкъалъул,
ЦохIо рохел буго, дида гьеб лъала,
Мун даим хутIизе буго, Дагъистан!
ЧIваразулъги гуро, хваралъги гуро,
Я хабар лъачIого тIагIаралъ гуро;
ТIагъурги ханжарги магIидаги бан,
Мун бихьула дида даим чIагоялъ.

Гьедин хъвана Расул ХIамзатовас. Живго шагIирги вуго даим чIагоялъ. Гьес щибаб къоялъ тIадегIанаб ва ритIухъаб хъулухъ гьабулеб буго МагIарулллъиялъе, Дагъистаналъе, Россиялъе, инсаниятальe, адабияталъе, лъикIлъиялде ва гIаданлъиялде ахIулеб буго дунялалъулго махлукъат.

**ГIизудинил ХIамзат**

САПАРАЛДАСА ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЯЛ

# АхIи басра гьабичIого...

**АхIи басра гьабуге, гьудул къварид гьавугейилан аби батана магIарухъ. Огь, цо гьелъул камиллъи, гIадатлъи, гьварилъи. Чан гьединал абиялги биценалгиха нилъее нахъе тарал умумуз. Жакъасел гьезул ирсилазда чан гьединал абиялги биценалги лъалел? Щибха нилъеца нахъе толеб бугеб хадусел гIелазе?**

ГIадада гурелъул жиндир мунагьал чураяв Расулица абураб бахIарчияв инсухъ гьанже васас босуларин къисас, хисанин къисматилан.

Гьобол. Гьев камураб рукъги росуги букIунароан некIо. КъватIисеб пачалихъалдаса вачIарав посоласде гIадинаб бербалагьи букIана гьесдехун. Хьизаналъе гIезегIан кванил сурсат бугониги, гьесул адабалда гьанситухъ цIа бакулаан ва цIияб хьаг лъолаан. Жалго цIорораб рокъор регун, гьесие хинаб рукъ бихьизабулаан, гьелда цIарги гьоболасул рукъилан абулаан. Гьоболасул хIама-чуялъеги хасаб хъулухъ гьабулаан. Риидалго нахърател гьабулаан гьелъие хIажатаб жоялъул.

Жакъа экономикияб церетIеялъ нилъ рикIкIалъана дол нус-нус соназ умумуз цIунарал гIадат-гIамалаздаса. Ва нилъги хутIана рукъ гьечIел бесдалал киниги.

(Ахир - 4 аб. гьумералда)

# АхIи басра гьабичIого...

(Байбихьи - 3 аб. гьум.)

ГIакъилал умумузул бицен батана ахир-къадги магIарухъе руссине ругилан. У, хIакъикъаталдаги ракI бохула гьанисанги рачIун, чIваднazде руссун рукIарал бакIазда цIиял минаби эхетун рихьараб мехалда. Дун къисматалъ жеги балугълъиялде вахинчIев чи вачана гIатIиракьалде. Амма дир ракIги жанги кидаго хутIана магIарухъ. Бакълъулазул тахшагьар, дир гIагараб МелъелтIа росдаде данде дие гьитIиналлъун ва гIисиналлъун ккана Турциялъул Стамбул, Россиялъул Москва ва Шамалъул Дамаск шагьарал.

Унго, гьаниб бугеб лъикI. Сверухъ сихIкъотIун гIенеккун чIарал гIасрабазул чIагояб памятник – мугIрул. Гьелъул ахада хъудулеб лъар. Гьенисан чвахулел иццал, цебехун рохь. Узухъда, гьеб кинабго художникасул беразда босизе хIалкIвеларо.

Цо батIияб рокьиялдалъун бокьула дие магIаруллъи ва гьелъул халкъ. ЦIумада мухъ. Гьелъул тIабигIат, беричал мугIрул, гIорал, лъарал. Риидалги цIер биунареб ГIадало ШугIел мегIер. Жибго гьелъул халкъ, гьезул чIаголъижан. Гьобол-гьудуласул гьабулеб адаб, хъулухъ. Гьелъул хIакъалъулъ дагьабищха хъвараб ва ахIараб шагIирзабазгун кочIохъабаца.

Исана Дагъистаналъул адабияталъ кIодо гьабуна машгьурав хъвадарухъан МухIамад Шамхаловасул юбилей. Щаялиго, ракIалъ гьенивe ахIулев вукIаниги, дида рачIел гIиллабаз Агъваливе ине дие рес щвечIо.

ЦIумадисезул улка-ракьалъул рехсолаго цере рехун рачIуна гьеб ракьалъул зодихъ цIумазде сверарал гьелъул къадруял васал. Гьездасин ккола къисматалъ дида данде рачарал, цевеккун 25 соналъ Европарламенталда Турциялъул вакиллъун вукIарав жиндир мунагьал рахчаяв Акнадаса ИсмагIил Илгьам. Совет Союзалъул Германиялда рукIарал аскариязул эркенаб гугариялъул рахъалъ бетIерав тренер, Европаялъул чемпион Ихаку ХIайдарбеков, журналист-альпинист ГIабдурахIман МухIамадов, диргун вацлъи рагIинабурав яхIалъулги къадруялъулги инсан, бизнесмен Лъондодаса ГIумар. Дида жив гIемер рагIарав ва дагь лъалев вукIарав, цебеккун ЦIумада районалъе бетIерлъи гьабурав сахаватав инсан МухIамад ХIажидибиров.

Августалъул кIиабилеб бащалъиялда гIодоркъояз хIалхьиялда вугев дихъе кIалъана Лъондодаса ГIумар ХIажидибирил МухIамадица ТIиндире гьоболлъухъ ахIулел ругин нилъилан. АхIи басра гьабугейилан абулеб абиялъе жавабги гьабун, нижеца сапар цIумазул улкаялде бухьана.

ТIинди. Жиндир гIорхъизаниялъе авал-ахир гьечIеб, тIубараб ГIахьвахъ районалъул территориялдаса жиб цIикIкIараб гьелъул тIабигIаталъул берцинлъиялъул бицун хIалкIвеларо. Цевеккун ЦIумада районалъул бетIерлъун жив вукIарав бизнесмен, жиндир жигаралдалъун щибаб росдал мажгиткъулгIаялъе жинца квербакъарав МухIамадги, гьесгун цадахъ Ханты-Мансийск автономияб округалъул Советский районалъул Первомайск поселокалда кIудияб мажгит барав, гьединабго тIабигIат чорхолъ бессарав гьесул вац, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутатлъун вукIарав ХIажидибир ХIажидибировги - гьединал васал гIезарурай бахIарчияй эбел йихьизе зиярат гьабун лъикIин ккана ГIумаридаги дидаги. ТIинди росдал больницаялда ятана гьей. Гьоркьохъеб лага-черх, ригь бачиналъ гьурмаде рехарал рукIкIалаби, щияй магIарул гIаданалъе хасиятаб къамартIлъи ва Аллагь-авараг рехсон бицунеб рагIи-калам.

ГIажаибго жиндир росурakь бокьулев чи вугоан МухIамад. Лъаларо, цоги гьединан жидерго мегIер-гIалах, гьелъул кулаби ва гьенир ругел гIадамал хирияв чи вукIуневищали. Цо мегIералдаса цоги мегIералде жиндир хIалчIахъаяв ГIалимчулов МухIамадица рахъарал нухаздасан рачана гьес ниж. - Цо нужго балагье, гьаб мегIералъул борхалъи буго 4000-гIанасеб метр. Добцояб лъабгоялъулги гьединабго къадар. Амма нилъеда бихьулеб ГIадало-ШугIел мегIер гьездаса 500 метраялъ жеги борхатаб ккола, - ян бицунеб букIана нижеда гьудул-гьалмагъзабазда гьоркьоб шайихилан жинда цIар рекIарав, живгоги бизнесмен Абумуслим-хIажияс.

Нижее, гIатIиракьалда гIумру-яшав гьабун ругел чагIазе бигьаго букIинчIо борхалъудасан ралагьидал огъохъатинир лъурал кинигин рихьулел багвалазул ва чIамалазул росабазухъ ралагьизе. Хасго цIирахъарал нухаздасан ине. Гьедин ниж маркIачIул гIужда щвана цо колоде, щуго цIараки бугеб бакIалде.

- Дир умумуца магIишатяшав гьанисан гьабуна, гьезул адабги цIунун, нижерго хIалалаб магIишат бачунел нижги ругоха, - абун бицана бахъараб хвалчен кинигин якIа-яхарарай Хадижатица.

Парангъ. Лъидаха магIарухъ рагIинчIеб гьеб цIар. Жинца тIолбго гIумру халкъалъе хъулухъалъе биччарав. Кинго цебе чIезабизе кIолеб гьечIо жиндирго гIагараб росулъе тIоцебе машина ине гьес бахъараб нухдаса тIоцебе гьеб машина бачарав, гьаб макъалаялда жив рехсарав МухIамадил инсул рохел, тIоцебе гьеб бихьарал росуцоязул букIараб рохалилаб асар.

Бигьаяб жойищха инсанасул гIумруялъул гьитIинабго болжалалда жаниб 12 километра машинаялъул, 100 километра сухъмахъ нухлул, 13 кьо, 4 гьобо ва 1684 пихъил гъветI чIвазе ккани. Дида бичIчIухъе олимпиялъул ва дунялалъул машгьурал чемпионал-спортсменал гьенисан рахъиналъе жибго тIабигIаталъ ва Парангъ гIадинал гIадамаз квербакъулеб батила.

Иргадулаб Унчучи мегIер «квегъизе» тIаде рахарабго, гьенив нижеда ватана живго МахIачхъалаялда чIарав бизнесмен Абубакар. Гьесда лъикIаблъун ккун бугоан гьениб борхалъуда хIухьбахъулел бакIал разе. ХIакъикъаталдаги, хIухьбахъиялъе гьава-бакъ рекъараб, жибго Гъуниб гIадинаб тIабигIат бугеб бакI бугоан гьеб. Носол балал гIадинал бегIерал щобаздасан машинаби унел рихьараб мехалъ черхалда гъаргъар балеб букIана. РакIалде ккола гьенире рачIунел гьалбадерие гьелъ кIудияб асар гьабилилан.

ХIажидибирил МухIамадица нижеда бицана имам Шамилгун цадахъ цIалулев вукIарав машгьурав гIалим Хъварщиса Загъалав дибирлъун вукIараб мажгиталде какал разе рилълъине ругилан. Нижеца кIудияб гъираялда къабул гьабуна гьесул нигаткъасд.

Жиндихъ цIалулев вукIанин нужер гьалмагъ ХIажидибиров, гьитIинго бегIерав, заз гIадинав, бачIинахъего рекIелъе дарс босулев чи вукIанин гьев, гьединав гьунар бугев чи вахъиналдаса жал, тIубараб районго чIухIун ругилан рехсана мугIалимас.

КIиго къо бана нижеца ТIинди росулъ. Бакъ щобда нахъа бахчараб мехалъ къолъикI гьабуна нижеца гьелъулгун, жеги нахъеги, къисматалъ хъван батани, гьелъул ахада хъудулеб гIаздалаб тIагIамалъул Анцуя лъаралъул чили жеги рагIине батилин абураб хьулалда. Дирго сапаралъул ккараб асарги цIиял гьалбадеридасан дирго рохелги загьир гьабидал, ХIажидибировазул рахъалъ гьадин абуна дир гIагарав чи, ЦIумада районалъул имам СайгитхIусен-хIажияс: - ГIемер рукIана нижехъ хIакимзабиги цогидал церехъабиги. Амма гьел вацазул гIадинаб сахаватлъиги квербиччайги цогидаз гьабичIо. Ва гьеб цо рагIудалъун бицун хIалкIолеб жо гуро. Хасго Агъвалиб, Хуштада ва щибаб росдал мажгиталда гьезул баракатаб квер чIвачIеб росу-жамагIат батиларо. Ниж рохарал руго гьединал баракат-рахIмат бугел васал нижер рукIиналдаса.

Гьобол-гьудуласе бахъун ракI кьезецин хIадурав чилъун вихьана дида ХIажидибиров. Анцуя мегIералде тIаде рахиндал, гьениб бугоан цо ашбаз гIадинаб хIухьбахъи гьабулеб бакI. Гьенисан цо чанго манзилалъ тIадехун балагьун индал, нижер гьокочи ГIумарида МухIамадица бихьизабуна цо рохьил рацIцIалъи ва, бачун квергун, абуна гьаб бакI дица дуе сайгъат-садакъаялъе кьолеб бугилан. Амма ГIумарица гьелдаса инкар гьабуна.

Гьанже гIемер бицунеб буго туризмалъул ва гьелъ кьолел ресазул. «Дир Дагъистаналда» Расул ХIамзатовас хъван букIана мугIрузул росабалъе щварал гьалбадерил, нилъер нухазулги ва цоги гIунгутIабазулги. Нижер хIинкъарал мугIрузул нухазул квалквалазухъ балагьичIого, хIакъикъаталдаги, унго-унгоял нижер гьудулзаби ва гьалбал нижехъе рачIунел ругин, амма гьелъул агьлу гурел чагIи рачIунгутIиялдаса ниж пашманлъунги гьечIилан абулеб букIана гIакъилав шагIирас.

Гьанже ссиялда буго туризм цебетIезаби. Узухъда, гьелъ рес кьела нилъее рукIарахъиналъул ва экономикаялъул даража цебетIезабиялъеги. Амма гIицIго гьеб гуро кIвар бугеб жо. Дир хIисабалда, хIажат буго гьанире рачIунез хIисабалде росизе нилъер диналъул тIалабал, рухIияб бечелъи ва гIадатал, нилъер халкъалъул тIабигIат. Гьедин гьабулеб бугони, нилъер наслабазда гьоркьор жеги раккила Парангъ гIадинал, ХIажидибиров гIадинал гIадамал. Дун гьелда божула.

**МухIамадрасул ШайихмухIамадов**

ДОКУМЕНТЫ

## Постановление

**14. 09. 2017 г.** **№ 17**

### О выставлении права аренды земельного участка на аукцион

**В соответствии со статьей 38 Земельного кодекса Российской Федерации от 25.10.2001 г. № 136- ФЭ:**

Выставить на аукцион право аренды земельного участка: 1.1. из земель сельскохозяйственного назначения с кадастровым номером 05:25:000037: 78, расположенного по адресу: РД, Гумбетовский район, село Цунди-Шабдух, 50 гектаров с видом разрешенного использования для сельскохозяйственного назначения (далее - Участок).

1. Выставить на аукцион право аренды земельного участка: 1.1. из земель сельскохозяйственного назначения с кадастровым номером 05:25:000037: 79, расположенного по адресу: РД, Гумбетовский район, село Цунди-Шабдух, 170 гектаров с видом разрешенного использования для сельскохозяйственного назначения (далее - Участок).

2. Установить, что при проведении аукциона: 2.1. форма подачи предложений о цене - открытая;

2.2. величина повышения начальной цены (шаг аукциона) – 0,3 % от начальной цены права аренды Участков;

2.3. задаток для участия в аукционе устанавливается в размере 20 процентов начальной цены права аренды Участков и вносится полностью путем перечисления 100% на счет администрации сельского поселения «Сельсовет “Цунди-Шабдухский”» Гумбетовского района, РД;

2.4. прием заявок осуществляется в течение одного месяца с момента публикации в газете «Гумбет» объявления о проведении аукциона;

2.5. подведение итогов аукциона состоится в кабинете заместителя главы администрации.

3. Контроль исполнения настоящего постановления возложить на заместителя главы Мавлидина Мурадова.

Обращаться по телефону: 8928 -676-11-01, Набигулаев Ахмед Набигулаевич, глава АСП «Сельсовет “Цунди-Шабдухский”»

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул
адрес: 368930 Гумбет район,
МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос»
типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр
ТIоцевесесул кватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан
«Гумбеталъул колхозчи»,
«Вождасул васиятал»,
«Бакълъулазул нур» абурал
цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1352
Газета къватIибе
биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.